


# Aplikasyon WIC Florida

## Grasa ak Aplikasyon WIC Florida a, ou ka:

- ▶ Gade detay sou randevou k ap vini yo
- ▶ Gade enfòmasyon sou avantaj ou yo
- ▶ Eskane yon atik pou wè si WIC apwouve li
- ▶ Jwenn klinik WIC ki toupre ou
- ▶ Jwenn kote pou achte
- ▶ Resevwa notifikasyon
- ▶ Aksede ak lòt resous ak enfòmasyon WIC Florida yo
- ▶ Telechaje dokiman ou yo nan WIC
- ▶ Siyen dokiman WIC yo
- ▶ Soumèt atik manje pou WIC apwobasyon

Vizite [FloridaWIC.org](http://FloridaWIC.org) pou plis enfòmasyon.



## Pou kòmanse:

**1** Ale sou Apple Store oswa Google Play oswa eskane kòd QR a:



**2** Enstale.

**3** Itilize kat Florida WIC EBT ou a pou ou enskri.



😊 Pa bliye itilize tout avantaj pou manje WIC ou yo chak mwa!

## Pare pou achte?

### Sonje konsèy pou fè makèt sa yo:

- **Ekonomize tan ak lajan lè ou fè yon lis an premye.** Nan fason sa a ou pral achte sèlman manje ou bezwen.
- **Fè yon ti goute anvan ou fè makèt.** Fè makèt pandan yo grangou ka mennen nou tou dwat nan chips ak bonbon!
- **Chwazi manje ki ka gate yo an dènye.** Sa ap ede manje yo rete nan yon tanperati ki an sekirite pi lontan.
- **Sèvi ak aplikasyon Florida WIC** ou a pou ou wè si manje ou vle a se yon manje WIC apwouve sou kat EBT ou a.